Ассаламу гIалайкум

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2020 соналъул 27 март Рузман № 16 (7613) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАПЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Райадминистрациялда**

## ХIалтIи метерилалде тIамун тоге

**Переписалде хIадурлъиялъул, райцентралда рацIцIа-ракъалъи цIуниялъул ва газеталъул хIалтIул суалал рорхана иргадулаб данделъиялда**

24 марталда районалъул администрациялда тIобитIараб иргадулаб данделъи. Гьенир рорхарал суалазул аслияб букIана исана тIобитIизесеб ТIолгороссиялъул халкъалъул переписалъул суал.

Данделъи бачарав районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас бицана переписалде тIобитIилалде букIине кколеб тIадегIанаб даражаялъул хIадурлъиялъул.



-Переписалъул хIасилазда бараб букIине буго районалъул социалияб рахъ цебетIей, районалъул бюджеталда гьарулел хиса-басиял ва районалъе бачIулеб гIарцул къадар. Гьединлъидал гьеб хIалтIи букIине ккола мухIканаб ва дурусаб,-ян абуна районалъул бетIерас.



Переписалде гьабулеб хIадурлъиялъул ва жакъа къоялъ гьеб хIалтIулъ ругел гIунгутIабазул бицун кIалъана Росстаталъул районалда бугеб отделалъул нухмалъулев МухIамад Малачдибиров. Гьесул рагIабазда рекъон гIемерисел росабалъ рагIаракьанде щун гIуцIун гьечIо хIалтIи.

-Гьабизе хIалтIи жеги букIадго, гIемерисел бегавулзаби гIодоре риччан чIун руго, руго росабалъ жеги адрес кьечIел минаби, гьелъулъ букIине бегьула гьеб хIалтIулъ гIемерисел квал-квалалги,-ян абуна гьес.

Жакъа т1убазе бегьулеб х1алт1и, метерилалде нахъе т1амун тани, кват1ун ккезе бегьулин, гьединлъидал переписалде гьабулеб хIадурлъиялъул суалгун хасаб данделъи тIобитIизе ккезе бугин абуна районалъул бетIерас.

Данделъиялда гьединго борхана райцентралда рацIцIалъи цIуниялъул суалги. Гьелда сверухъ гьабулеб хIалтIул бицун кIалъазе вахъана райадминистрациялъул административияб комиссиялъул секретарь ТIагьир АхIмадов.

Районалъул газеталъул редакциялъ 2019 соналъ гьабураб хIалтIул хIисабкьейгун кIалъазе вахъана бетIерав редактор ГIубайдула Малачдибировас бицана редакциялъ 2019 соналъ гьабураб хIалтIул, цере чIарал масъалабазул ва гIоларел рахъазул.

Данделъиялда гьединго рорхана кIвар бугел цогидалги суалал.

**КIудияб Бергьенлъиялъ-75 сон**

## Доз хIехьарал къоязул къимат кIудияб буго

КIудияб ВатIанияб рагъда Совет Союзалъул щибаб бокIнилъан, хIатта рикIкIадал росабалъагицин гIахьаллъи гьабунин абуни, битIараб букIина. Гьелъие нугIлъи гьабула Агъвалиб маданияталъул КIалгIаялъул азбаралда ругел нилъер районалъул росабалъа рагъул гIахьалчагIазул сияхIаз.

Рагъ гьеб буго улкаялъеги, халкъалъеги, халкъияб магIишаталъеги, гIадамазул рукIа-рахъиналъеги бицун хIалкIоларебгIан кIудияб балагь. Амма 1941-леб соналъ фашистазулаб Германия рагъги лъазабичIого, балъгого нилъер улкаялде тIаде кIанцIиялдалъун ккарабгIан гIадамазул рахъалъги, магIишатияб рахъалъги, рагъда гIахьаллъарал аслиял улкабазе ккараб зараралъул рахъалъги балагьалъулаб рагъ букIинчIин абуни, гьебги битIараб букIина.

Гьеб рагъ, гьелъул кьогIлъи, гьелъул бакIлъи, зарал ва камиял нилъерги хадур рачIунел гIелаздаги кидаго кIочене бегьуларин абун газетаздаса, радиоялдаса ва цогидалги гьиналъул алатаздаздаса ралел ахIиялги битIарал руго.

Рагъул хIалги кьогIлъиги бицун бичIчIизе бокьичIезда бихьун гурого бичIчIуларо. Бихьизе хъван батугеги нилъер улкаялда кинабгIаги рагъги рагъул кьогIлъиги!

Доб рагъ ккелалда цебесеб соналъ ТIадгьаквари росулъ кинабниги нусиялда анцIго цIараки букIун буго, ва росулъ букIун гьечIо рагъде вас, вац, рос, эмен инчIеб цониги хъизан. ВатIаналде бугеб рокьул хIалги къуватги борцунел саназ гьез жидеда бажарараб гьабуна нахъегIанал ва рокьукъал тушбабаздаса улка хвасар гьабизе, ва хIатта гьелъие гIоло жидерго рухIаздаги барахщичIо.

ТIадгьаквари росулъан рагъдасан вуссун гьечIо 2003-абилеб соналъ къватIибе бачIараб РакIалдачIеялъул тIехьалда ва росдал харабазул биценазда рекъон кIикъоялда цо чи. Дирги вуго гьезда гьоркьов инсул рахъалъа имгIал Дибиров НурмухIамад, Украиналъул Шевченко шагьаралда вацазул хабзалалъ вукъун вугев, ва эбелалъул рахъалъан имгIал ИсмагIилов ХIасбуллагь, араб бакI лъачIого тIагIарав.

Рагъдаса вуссун вуго кинавниги кього чи.

Гьезда гьоркьов вукIана дир инсул вац Дибиров ХIажияв, инсул вацгIал Дамаданов МухIамад, хъизаналъул эмен ИсмагIилов МухIамад ва гьелъул имгIал ИсмагIилов ХIасбуллагь, дир гьудуласул эмен Дарбишов Мухтар, мадугьалзабазул эмен МухIамадов ИзрагIил, дирго цингIал Мусалов Мажид, дир имгIалалъул рос МутазагIалиев ХIажи ва цогидалги.

Дол рукIана школалда цIалулел, эбел-инсуе кумекалъе хIалтIулел, цо-цоял гьанжего гьанже ригьнаде сверарал, жиндир къагIидаялъ гIурус мацIцин лъаларел гIолилал. Амма къуркьичIо, тохаб иш ккезе биччачIо, нахъа тана бахIарчилъиялъулал лъалкIал.

РукIана гьезда гьоркьор Ковпакил, Кашевоясул партизаназул отрядазда гъорлъ вагъарав МухIамадов Сажид гIадал, Ленинградалъул блокадаялъул къоязул кьогIлъи авалалдасан ахиралде щвезегIан баччарав ва микьго соналъ рагъул хъулухъги борхарав, лъабцIул рагъдаги лъукъарав дир инсул цингIал, лейтенант ГIалиев МухIмад гIадал, Чехословакиялъул тахшагьар Прагаялде щвезегIан рагъул нухги нахъе тарав, гьеб шагьар фашистаздаса эркен гьабиялъулъги гIахьаллъарав дир инсул вацгIал Дамаданов МухIамад гIадал лебалал ва бахIарчиял тIадгьакварисел.

Рагъдасан руссун хадурги хIухьбахъиялда чIечIо дир росуцоял-рагъул гIахьалчагIи. Районалъул киналго росабалъго гIадин, гьез гIуцIана колхоз, бекьана ракь, хьана хурзал, руччабигун цадахъ лъугьун лъилъана цIоросаролъул ва пурчIинадул хурзал, рухьана гулал, тIамуна лалал, хьана ва бакIарана картошка, рагъда хадусеб щибаб соналъ дандбана магIишат, хьихьана гIи-боцIи. Чанги захIмалъи баччана чачаназул ракьалда ругел Гьакъмада ва Гьимой росабалъ гIуцIарал магIишатал рорхулагоги.

Гьаниб абизе ккола тылалда хIалтIулаго тIадгьакварисезги жидеда бажарараб хIалтIи тIубазабунин рагъул саназ. Гьел хIалтIана релъеда моцIрол канлъухьги, къад бакъул бухIиялъулъги. Бихьиназ гьабуна доб заманалъ нилъер росабалъ раккарал гьачагьазде данде рагъ, руччабаз лъелго мугъзада ва хIамузда баччана Агъвалибе нах-хIангун, гьан, хъубчулгун буртинаби, квасул юргъаналгун щватаби, гIарцул ва месседил тIагIелал. Гьез тIуразарулаан хер бециялъул ва гьеб бакIариялъул, росдал магIишаталъул продукция хIадур гьабиялъул жидедаги росдадаги тIад лъурал планал. Гьеб ишалъулъ бажарараб гIахьаллъи гьабулаан школалъул цIалдохъабаз- пионераз ва комсомольцаз.

Дол рагъул саназ къватIибе бачIараб районалъул «Колхозчи» газеталда дир вацгIал Залимхан Зубаировасул макъалаялъулъ рехсон руго жидеца лъабго сагIаталда жаниб И. В. Сталинил цIаралда букIараб Бергьенлъиялъул Фондалде 7000 гъурущ кьуразда горкьор тIадгьакварисезул цIарал: парторг ПатIимат Зубаирова - 150 гъ., агитколлективалъул нухмалъулей Хамсат КъурамухIамадова-160гъ., бригадир ХIажияв ХIамзатов-150 гъ., Абулмуслим Дибиров- 200 гъ., ПатIимат МуртазагIалиева-150 гъ. ва цогидалги. ТIадгьакварисез къецалде ахIун руго гъоркьгьакварисел ва гьезги кьун буго Фондалде 9000 гъурущ.

Гьезул гIемерисел мустахIикълъана «КIудияб ВатIанияб рагъул заманалда бихьизабураб захIматалъухъ» абураб шапакъаталъе.

Рагъул саназ нилъер умумуз хIехьарабщиналъул гIемер бицине бегьула, амма гьезул бахIарчиял ишал нилъеда ва хадусеб гIелалда кIочонтезе бегьуларо.

Бергьенлъиялъул Къо гIагарлъанагIан, цо-цо гIадамал ва, хIатта, улкабицин лъугьунел руго нилъер солдатаз чIинтIизабураб фашистазулаб Германиялда тIад бергьенлъи жидеца босанин абизе. Гьеб гуребги жибго цIунизелъун ва Бергьенлъи гIагар гьабиялъе гIоло къоло анлъго миллион чиясул гIумру къурбанлъараб СССРги бихьизабулеб буго Европа жинца эркен гьабураблъун гуреб, жинца цогидазда тIаде гьужумалъулаб тIадекIанцIи гьабураб пачалихълъун.

Гьединаб пикру кьучIдасаго мекъаб ва гIантаб букIин бихьизабизе чIванкъотIарал тадбиралгун цеве вахъана Россиялъул Президент В. В. Путин, хIатта гьанжелъизегIан къватIире рахъинчIел архивалъул материалал рагьизе изнуги кьун.

Нилъер районалда хутIун гьечIо КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIи, амма нилъеда тIадаб буго даимго гьезул цIарал рекIелъ цунизе. Нилъ ккола КIудияб Бергьенлъиялъул рохел гIаданлъиялъулаб борхалъиялда ккурал умумузул, хваразухъ магIуги рекIел тIиналдаса угьун тIурал магIарул улбузулги наслаби. Ва дозул бахIарчияб мисал нилъеца билизеги кIочентезеги бегьуларо.

Щибго к1очон гьеч1о, щивго к1очен гьеч1о...

Гъоркьисала МухIамад ГIабдулхабировасул нигаталдалъун МухIамад ва ГIабдулатIип ГIашикъоваз Гъоркьгьакварибараб гIарасалда буго ТIадгьаквари росдал КIудияб ВатIанияб рагъда хварал ва рагъдаса руссаразул къадар хъвараб гьитIинабго гамачI-къоно. ТIадгьаквари буго рагъда хварал ва рагъдаса руссаразул цIарал хъвараб къоно ва гьел ракIалде щвезе бараб гIарас.

Амма гьеб буго аслиябги тIад калам гьечIого букIине кколебги. Гьелде тIадеги букIине ккола дозулго гIадаб нилъер кIудияб ва гьитIинаб ВатIаналде нилъер ракIазул рокьи. Дун божула гьеб абадиялъго гьедин букIинилан.

Кидаго гIадин гIахьаллъула тIадгьакварисел райцентралда 9 маялъ тIоритIулел Бергьенлъиялъул Къоялда хурхарал тадбиразулъ. Гьел берцин гьарула, митингалда цере рахъунезул каламаз, гIадамазул гьурмазда рихьулел гьимиялъулги пашманлъиялъулги асараз, цоцазул рокьи-хинлъиялда росулел квераз, ралел къвалаз, немцазул танкалда тIад Совет Союзалъул БахIарчи Къади Абакаровас гIадин гьарулел кьурдабаз, Бергьенлъиялда хурхун ахIулел кучIдуз ва «хвел гьечIеб полкалъулаз» рорхатго ккурал рагъул гIахьалчагIазул портретаз.

Умумузул бахIарчилъиялдаса чIухIизе бачIуна.

КIвеларо тушбабазда Бергьенлъиялъул Къо нилъехъан, нилъер лъималазухъан ва сибтIазухъан бахъизе!

**МухIамадзакир Абулмуслимов**

# ЦIалулгун гIадлу-низамалъул рахъалъ мисалияй



Нижер Гьигьалъ росдал школалъулго чIухIилъун кко-ла 11 классалъул цIалдохъан МакахIажиева Асият. ГIодой йиччарай, яхI-намус чорхолъ бессарай яс йиго гьей, цIа-лулги гIадлу-низамалъулги рахъалъ цогидазе мисалияй. ЦIалулейги йиго Асият гIицIго щуйилазда. Буго гьелъул тох-турлъун яхьине гьитIинго би-жараб анищги. Школалъул жамгIияб гIумруялъулъги жи-гараб гIахьаллъи букIуна гье-лъул. Районалда тIоритIулел олимпиадабазулги хиси гьечIей гIахьалчIужу ккола гьей.

Авар мацIалъул мугIалим Зайнаб ХIажиеваль бижиза-буна гьелъулъ авар мацIалде рокьи. 7 классалдасаго на-хъе гIахьаллъулей йиго гьей районалда тIоритIулел авар мацIалъулгун адабияталъул олимпиадабазда, ва кидаго тIоцересел бакIалги кколел рукIана.

Араб соналъ авар мацIалъул республикаялъулаб олимпиа-даялда гьелъ ккуна кIиабилеб бакI.

Дагъал цере къояз Ма-хIачхъалаялда тIобитIараб авар мацIалъул гьединабго олим-пиадаялда Асиятица ккуна тIоцебесеб бакI. Исана, би-хьулищха, гьелъ жинда ращадал республикаялда цониги гьечIебльи бихьизабуна.

Баркула Асиятида бергьен-лъи! ТIубайги гьелъул тохтур-лъун яхьине бугеб анищ.

**Муслим ВахIидов**, школа-лъул директор

## Территориальная избирательная комиссия

### 12 апреля 2020 года – досрочное голосование на общероссийском голосовании по вопросу одобрения изменений в Конституцию Российской Федерации

В соответствии с постановлением Избирательной комиссии Республики Дагестан от 21 марта 2020 года №82/524-6 разрешено провести 12 апреля 2020 года голосование всех участников голосования по вопросу одобрения изменений в Конституцию Российской Федерации на следующих избирательных участках, нашего района, расположенных в труднодоступных и отдаленных местностях:

| Номер избирательного участка | Наименование населенного пункта МО |
|---|---|
| 1742 | село Хвайни «сельсовета Эчединский» |
| 1743 | село Гакко |
| 1744 | село Сильди |
| 1745 | село Верхнее Инхоквари «сельсовета «Инхокваринский» |
| 1746 | село Нижнее Инхоквари «сельсовета «Инхокваринский» |
| 1747 | село Сантлада«сельсовета «Инхокваринский |
| 1748 | село Квантлада «сельсовета «Инхокваринский» |
| 1749 | село Хварши «сельсовета «Хваршинский» |
| 1750 | село Хонох «сельсовета «Хваршинский» |
| 1751 | село Метрада |
| 1752 | село Нижнее Хваршини «сельсовета «Нижнехваршининский» |
| 1753 | село Верхнее Хваршини «сельсовета «Нижнехваршининский» |
| 1754 | село Хушет |
| 1755 | село Шава (все населенные пункты) «сельсовета Шавинский» (Бабаюртовская зона отгонного животноводства) |
| 1756 | |
| 1757 | |
| 1758 | |
| 1759 | |
| 1760 | |
| 1761 | |
| 1762 | |
| 1718 | село Чало «сельсовета Хуштадинский» (Хасавюртовская зона отгонного животноводства) |

Соответствующим участковым избирательным комиссиям необходимо довести данную информацию до сведения участников голосования и организовать проведение голосования 12 апреля 2020 года.

### График

**работы территориальной избирательной комиссии Цумадинского района и участковых избирательных комиссий по приему заявлений участников общероссийского голосования о включении в список участников общероссийского голосования по месту нахождения на общероссийском голосовании по вопросу одобрения изменений в Конституцию Российской Федерации**

| Дни приёма заявлений | Время приёма заявлений |
|---|---|
| **Прием заявлений в территориальной избирательной комиссии Цумадинского района** | |
| с 25 марта по 16 апреля 2020 г. | В будние дни (понедельник – пятница) с 09.00 час.до 12.00 час. и с 14.00 до 17.00 час. В выходные дни с 9.00 до 13.00 час. |
| **Прием заявлений в участковых избирательных комиссиях** | |
| с11 апреля по 16 апреля 2020 г. | В будние дни (понедельник – пятница) с 13.00 до 18.00 час. В выходные дни с 9.00 до 13.00 час. |
| оформление заявлений о голосовании по месту временного пребывания- с 17 апреля по 21 апреля 2020 г. | с 9.00 до 14.00 час. |

**М.Газиев**, председатель ТИК района

## Мажлис

# Агъвалиб мажлис тIобитIана



Умумузухъанго бачIараб их чIеялде мугъба-ялъул гIадат исанаги рехун течIо агъвализез, хас гьабун абуни, Маштихи авалалъулаз. Абизе ккола, умумузул гIадатазде мугъ рехараб гьаб заманалда магIарулазул чурпайилан жинда цIар тараб мугъ баялъул лъикIаб гIадат босаразул, цIигьабуразул къадар сонидасан сониде цIикIкIунеб бугин.

Исана гьеб ихдалил байрамалде данде кке-забун, гIалимзабазул мажлис тIобитIизеги пикру ккана Маштихи авалалъул диниял церехьабазул бетIералда МухIамадсултIан МухIамадовгун, ва араб анкьалъ гьениб тIобитIана гIалимзабазул мажлис.

баблъун гIадамазда гьоркьоб дагIба- къецалдаса цIунизе ккеялъул, хоб бухъулаго гьабулеб куме-калъул ва гьелда сверухъ рацIцIалъи цIуниялъул бугеб даражаялъул.

Мажлис бачана Маштихи авалалъул мажги-талъул имам МухIамадсултIан МухIамадовас.

Мажлисалъул байбихьуда вагIза-насихIатгун цеве вахъана Агъвали кIудияб мажгиталъул имам ХIажиев Шамил.

-Аллагьас гьаб мажлис гIицIго Аллагьасе гIоло тIобитIулеблъун ва Аварагасул шапагIат щолеб тадбирлъун батаги, гIумруялда жанир



Гьенир гIахьаллъана Дагъистаналъул муф-тиясул заместитель МухIамад МукIушдибиров, МугIрузулаб территориалияб округалда ву-гев муфтияталъул вакил ХIабиб МухIамадов, Аль-ашъари мадрасалъул мугIалимзаби ХIусен-апанди Жамалов, ГIабдурахIман ГIаб-дурахIманов, ЗайнулгIабид МухIамадов ва ТIад-гьаквари росдал имам Юсуп ХIажиев.Мажлисал-да г1ахьаллъана Хасавюрт, Гъизляр шагьаразул, Гумбет, Болъихъ ва нилъер районазул росаба лъан жамагIат.

Мугъ баялъул руго жиндирго къагIида-хас-лъаби, амма бищунго кIвар цIикIкIараблъун дица рикIкIуна садакъа букIин гуребги, лъикIал гIадатаз цоцалъ гьуинлъи, вацлъи щулалъизабу-ла, ккаралъуб гIахьаллъи киназго гьабула, гIадлу-низам лъикIлъула.

Мажлисалда аслияб куцалъ бицана Ражаб, ШагIбан ва Рамазан моцIазул, гьел моцIаз гьа-бураб гIибадаталъул хиралъиялъул. Гьенибго бицана лъималазе тарбия кьейги даража кIудияб иш букIиналъул, нухал-кьоял раялъул, нух са-ккарал нилъер мунагьал чурулеблъун гьабеги,-ян абуна гьес, бицана метер БетIергьанасда цере рахъиндал лъикIлъабазул цIадиро цIи-кIкIараллъун ратизе гьабулеб хIалтIи-пиша, гIибадат цIикIкIинабизе ккеялъул. ТIадчIей гьабун бицана диналъул вацал-яцал вагIза-насихIат гьабун, кантIизариялде, квешаб тун, лъикIлъиялде гьел рачинануль, ва хирияб моцIаз ккурал кIалазулгун гьабураб гIибадаталъул дара-жаялъул хIакъалъулъ.

Къуръан цIалиялъул ва гIелму тIалаб гьаби-ялъул хиралъиялъул бицана ХIусен-апандица, нухал-кьоял разе гьабураб кумекалъул дара-жаялъул, мадугьаласе нух къан, гьеб къварид гьабиялъ, бусурбабазда гьоркьор кколеб дагIба-рагIиялъул бицана Юсуп ХIажиевас.

Данделъиялъул ахиралда МухIамадсултIан МухIамадовас г1алимзабазе ва жамаг1атазул ва-килзабазе баркала загьир гьабуна.

**Заур Бадрудинов**

# 25 соналъ улкаялъул эркенлъиялъе гIоло гьабураб къеркьеялъул ахирисел лъугьа-бахъинал

**Гьединаб хIалалда ниж квалквалаго,**
**Рушбат гIемерлъана нуж, гIурусазул,**
**ГIарцухъ ралагьана дир муридзаби,**
**Ссунареб цIа лъуна Дагъистаналда.**
**Аллагьасе гIоло къачIел чалмаби,**
**ЧахтIал гьаре абе наибзабазда.**
**ЧIухIдае рорчунел чармил хвалчаби,**
**Пурцимаххазда лъун рекьаре абе.**

***(Хьаргабиса МухIамадбег, «Шамилил къисмат»).***

25 соналъ Шамил имамас гьабураб къеркьеялъул ахириссел лъугьа-бахъиназе нугIлъи гьабулеб бакIлъун лъугьана Гъуниб мегIер. Анкьумумузул заманалдаса нахъего гьеб рикIкIунаан тушманасе хIетIе чIезе рес гьечIеб тIабигIияб щулалъилъун. Гъазаваталъул соназдаго хIажалъи ккани пайда босизе букIине 1845 соналдаго Шамилица витIана КъебедмухIамад нусго муридгун Гъуниб росу щулалъизабизе, гьениб яргъилги. Квен-тIехалъулги нахърател чIезабизе. Амма 14 сон ун хадуб 1859 соналъул июль-август моцIазда гурони хIажалъичIо гьеб тIабигIияб щулалъи.

1856 соналда Кавказалъул армиялъул бетIерав командующий Муравьевасул бакIалда император Александр кIиабилес тIамуна жиндирго хирияв гьудул Барятинский. Гьес байбихьана галуда хадуб гали чIун, щибаб кесек ракьул кверде босун, магIарулазулги чачаназулги росабиги жамагIаталги пачаясул рахъалде цIазе.

Гьужумаз гурони бергьенлъи букIинабизе кIолароан гьабуна гьес хIукму. Гьеб бергьенлъиялдалъун Кавказалъулаб рагъ лъугьинабизе пачаяс рехана кIинусазарго чи вугеб аскар Кавкаалда.

1857-1858 соназда пачаясул аскаразда кIвана мутIигI гьабизе Салатавия ва КIудияб Чечня. Чачаназул дагьлъана кванил сурсатал ва хъизанал хьихьизе ресал. Мискинлъи-язихълъиялъ къвал барал, къварилъабаз кIвекIарал, къоги бухIарал, росаби цадахъго мутIигIлъизе байбихьана гIурусазул аскарал тIаде рачIунаго.

Гиназ Барятинскияс расги барахщичIого кьолаан гIарацги сайгъаталги мукIурлъарал росабазул бутIрузе, жидер рахъалде лъутун рачIаразе, хиянатчагIазе, мунапикъзабазе, рагъдаса лъутарал муридзабазе.

Амма Шамилил бищун тату хвезабуна пачаясул аскаразе наибзабицин мутIигIлъараб мехалъ.

4 июлалда 1857 соналда Грозныялда Барятинскиясухъе рачIана чачаназул вакилзаби. Гьезда гьоркьор рукIана Шамилил машгьурал наибзабиги: Веденоса ГIадил, КIудияб Чачаналдаса Талгик, ГьитIинаб Чачаналдаса Дуба, Ичкериялдаса Умалат, Мичихалдаса Эски.

Барятинскияс гьел берцинго къабул гьарула. Гьединал цо-цо наибзабазул ракI буссана бергьине рукIиналдаса, рекIелъе унел рукIана кверде ине Шамил мукIур гьавиялъул пикраби, гьебги бажаричIони, гьевги чIван, гIурусазулгун рекъел гьабун лъикIилан.

Гьединал пикрабазде рачIиналъе гIиллабиги гIезегIан рукIана. Халкъ свакан букIана халатрахъарал ва захIматал рагъаз муридзабазул кьералги дагьлъулел рукIана. Рагъ тIаде щварал росабалъ тIибитIана ракъиги чIунтиги.

1858 соналъул февралалда КIудияб рагъулаб къуватгун Евдокимов вахъана Шамилил тахшагьар Даргъо-Веденоялде. Гьеб цIунизе Шамилица тIад къана жиндирго вас ГъазимухIамадида. Гьесул ихтияралде кьуна 3500 мурид. ХутIараб богун живго чIана Даргъоялдаса 3,5 км. рикIкIад бугеб Эрсеной росулъ.

22 февралалдаса 12 апрелалде щвезегIан сверун ккун гьарурал рагъазул хIасилалда гIурусазда кIвана ЦIияб Даргъоялде гIагарлъизе ва кIикъоялда анцIила кIиго къоялъ халат бахъана гьениб рагъ.

ГъазимухIамад хутIарал муридзабигун Даргъо хъалаги рехун тун, инсул боялде цолъана. Шамилица Эрсеноялде мажлисалде ахIана Чачаназул наибзаби, муфтизаби, къадизаби, хIурматиял гIадамал. Гьездехун хитIаб гьабун гьес абуна: «Чачанал, нужедаса бахIарчиял гIадамал Дагъистаналда гьечIо! Нуж руго диналъул чирахъал, бусурбабаз мугъ чIвалеб бакI. Нужеца гIурусазул гIемераб би гIодобе тIуна. Чан нухалда нужеца гьезул ракIал хIинкъун сородизарурал. Нужеда лъай, дун хвезегIан нужер гьалмагъги кидагосев гьоболги вугевлъи. Валлагьи дун гьаниса нахъе инаро, Чачаналда цониги гъветI хутIичIониги».

Амма гьесул харбида гIин тIамичIого, Шамилги живго тун, чачанал рокъо-рокъоре тIадруссун ана. Имамасда бичIчIана гьанже гьениб жиндир иш билълъунареблъи, жинда цадахъ вагъизе тIакIав гьезул чи вачIунаревлъи. ХутIарал муридзабиги рачун Шамил Аваристаналде ана. Цинги имамас байбихьана ИчичIали росу щула гьабизе, ва гIадамал кумекалъе ахIизе. Имамас амру гьабуниги, гIадамал гIедегIулел рукIинчIо амру тIубазабизе батIи-батIиял гIиллабиги рачун, росдал гIадамазги къасд гьабуна росулъа къватIире лъутизе, Даргъоялда имамасда цадахъ вукIарав ватани 14 наиб, ИчичIали гьезул 7 чи хутIана. Гьелдаса хадуб Шамилица къасд гьабуна Гъуниве ворчIизе. ВукIана Шамилил гьитIинав вас МухIамадшапигI божарал наибзабигун. Гьез Гъуниб хъала тушман тIаде вачIиналде хIадур гьабулеб букIана. Имамас хIукму гьабуна Гъуниб магIарда щулалъи ккун чIезе ва ахиралде щвезегIан вагъизе.

Кванхидахъ росулъахун ун Шамилица КIаратIе нух бахъана. Гьенив наиблъун вукIарав ГъазимухIамадги вачун боялги цолъизарун Шамил Гьидалъе щвана. Цинги Къородаса ТIелекье ине къасд гьабуна. Жидерго росабалъе щвараб мехалъ, цо-цо наибзаби ва муридзаби, имамасулгун къолъикI гьабун, гьесдаса ратIалъун, рокъор чIолел рукIана. Шамил рикIкIалъидал рекерун унел рукIана гIурусазе мутIигIлъи лъазабизе. Гьедин имамасул бо дагьлъулеб букIана къойидаса къойиде. Гьеб сапаралда вукIаго, имамасда бичIчIана магIарулаз гьанже жиндир къадру-къимат гьабулеб гьечIеблъи, гьел жиндихъан хIинкъулел гьечIеблъиги. Гьезул хиянаталъе тамихI гьабизеги имамасул гьанже къуват букIинчIо.

ГIурусазул аскаралин абуни гIодоре риччан унел рукIана имамасул лъалкIда хадур. Евдокимовги Барятинскийги 14 июлалда 1859 соналда данделъана ГIандадерил ралъдахъ. Гьебго заманалда барон Врангель жиндирго аскаргун Салатавиялдасан ва Гумбеталдасан Сагърикьоде вачIунев вукIана. Гиназ Меликов Закатаялдасан вачIун ЦIунтIа рещтIана, гьенисаги вахъун, нухда ратарал росабазул жамагIаталги пачаясул хIукуматалъе мутIигI гьарулаго, ГIандигIурул рагIалда бугеб ГIачIабалда абулеб бакIалда чIана.

Генерал Тархан-Моуравов гьебго заманалда Гъазигъумекисан ЧIохъе вачIана ва росу бахъана. Темирхан-Шураялда бачIараб генерал-майор Манюкинил аскаралъ ГьаракIуниб росу бахъидал, Гъойсуболаялъул жамагIатаз мутIигIлъи лъазабуна.

Кутишаса вачIун Даргъо округалъул начальник полковник Лазеревасул аскаралъухъ кодоб кьуна Улихъала. Киналго росабалъан аскаразул командиразухъ рачIарал гIадамазе кьолел рукIана гIарац, хириял сайгъатал гIурус пачаясе мутIигIлъи лъазабидал.

Гьедин батIи-батIияб рахъалдасан Шамилил лъалкIда хадуб Гъунибе бачIунеб букIана пачаясул армиялъул 6 отряд. 29 июлалда Шамил Гъунив парахалъидал, кьурабазда гъоркьан гIурусазул аскараз киналго рахъаздасан сверун ккуна тIолабго мегIер. КъватIисан кумек щвеялде кигIан гьитIинабгIаги хьул хутIичIо имамасул. Гьесул пикру букIана ахиралде щвезегIан вагъизе. Жиндир тIолабго гIумру кьураб ишалъе гIоло рухI кьезеги хIадурго вукIана гьев.

Гъуниб мегIер сверун ккураб къоялъго, Барятинскияс лъазабуна лъукъичIого, къотIичIого Шамил жиндихъ кодове кьурав чиясе 10000 гъурущ сайгъат бугилан. БетIерав командующиясда бичIчIулеб букIана Гъуниб щулалъи бахъизе бугеб захIмалъиялъул. Гьенир гIарадабаздасан пайда босизе букIинчIо рес. Борхатаб кьурда гъоркьан кьвагьараб гIарададул гуллиде кIолеб букIинчIо магIарде тIаде «боржине». БитIахъего кьурабахъа тIаде гьужумалъ инчIого рес гьечIеб бакIалде ккана гIурус аскар.

Гьединлъидал 19 августалда Барятинскияс Шамилилгун гара-чIвари гьабуна хъала кверде кьейилан, мунги хIурматияв асирлъун пачаясул кверщаликье вачIайилан.

Шамилихъе гьаризе ритIана Кавказалда гIемер заманаялъ хъулухъ гьабурав полковник Лазарев ва гIурусазул рахъалде лъутарав наиб Даниял-бег. Шамил гьезде данде вахъичIо, гьезулгун гара-чIвариялъе ритIана жиндирго вас ГъазимухIамад ва наиб Инквачиласул Дибир. Амма Шамилил шартIал Барятинскияс къабул гьаричIо, гьел тIуразаризе ругин имам пачаясухъе вачун хадур гурони.

Рекъел гьабизе бегьулеб хIал лъугьинчIо ва Шамил рагъде хIадурлъана.

БакI-бакIаздасан гIурус аскараз байбихьарал гьужумал муридзабаз нахъчIвалел рукIана.

23 августалда байбихьана аслияб гьужум. Шамилида цадахъ рукIана кинавниги 500 чи-муридзабиги, Гъуниб росдал гIадамалги, Шамилил рахъалда лъутарал 50 гIурусазул солдаталги. Гьезие бетIерлъи гьабизе тIаде босана имамас ва гьесул васал ГъазимухIамадицаги МухIамадшапигIицаги, гьединго Черкесиялдаса Ибрагьимица, Курамалъа ХIажи-Насруллагьица, КIаратIаса ГъалбацIдибирас, ГIандиса Дибирица, Гиничукьа Инквачиласул Дибирас, Генуса Ибрагьимица, ЧIикIаса МуртазагIалица, ГIуркIачIиса МуртазагIалица, Сугъралъа НурмухIамад-Хуршица.

25 абилеб августалда бецIаб сардилъ КIуядехун рахъалда рукIарал апшероназул солдатаздаса 130 чиясул бригада гIуцIана ва сухъмахъалдасан ун гьезул магIарде тIаде рахине кIвана 30 чиясда. Гьенир хъаравуллъуда ратарал имамасул муридзабиги гъурун, солдатаз гьотIода бухьараб квар гъоркье рехана. Гьеб кваридасан харун, тIаде рахана апшероналъулал. Гьединго батIи-батIияб рахъалдасан рачIарал чIахIиял аскараз рогьалилъ росу сверун ккуна.

Хадусел лъугьа-бахъиназул мухIканго биицулеб буго рагъул гIахьалчи полковник С. Эсадзеца. Росдадаса тIезарурав 100 чи вугеб муридазул цо къокъа рохьил цо гохIде ракIарана ва туманкI базе лъугьана ширваналъулал ротабазде тIаде. ХвасарлъунгутIи лъарал магIарулал, хунжрулги хвалчабиги хьатикь ккун, къотIаризе рекIана. Цониги мурид кверде вачIинчIо, гьев нусавго чи халатбахъараб гьарзаго би гIодобе тIураб рагъулъ хвана». Росдадаса къватIихун рукIарал муридалги рагъулаго ва тушбабазе камиял ккезарулаго, росулъе руссунел рукIана. Гьенир Шамилица цолъизаруна шагьидлъичIого хутIарал рагъухъаби. Амма росу кисанго сверухъ ккун букIана.

БетIерав командующиясул бихьизабиялда рекъон, генерал Кесслерица хIаракат бахъана Шамил чIагого кверде восизе. Гъуниб росулъе кIанцIизе къачIан рукIарал аскаралги гьес чIезаруна. ТIаде жоялъеги Шамилил рукIарал наибзаби Даниял СултIаница, ГIинкъасул ИсмагIилица хIаракат бахъулеб букIана асирлъуде вачIине имам мукIур гьавизе.

Росулъ жаниб букIараб хIалалъулги бицен батула С. Эсадзел тIехьалда: «ХIинкъиялъ къвал барал руччаби, ботIродаса кIазалги рахъун, гIодилаго-чIичIидилаго, имамасул хIатIазда цере чIана, гьесул ратIлил квенчIелазда убачал гьаризе лъугьана, дурго талихI къосараб къисматалда разилъейилан гьардана. Мун гьелда разилъичIони, ццидаца щокъроре рахарал солдатаз кинабго щущалин ва инжит гьарилин»- абуна.

Гьел руччабазда цадахъ чIана росдал хараби, лъимал. Гьезул гIодулел гьаркьал тIолабго магIарда тIоритIулел рукIана Шамилие рес букIинчIо гьезухъ гIенеккичIого. ГIемераб мехалъ вуцIцIун чIун, ургъун, ахирги имамас хIукму гьабуна бетIерав командующиясухъе ине. Лъеберго муридги цадахъ вачун, гьев Борятинскиясухъ ана. ГIурусаз рагъ къотIизабун букIана. Шамилги, ЧIикIаса Юнусги, Сугъралъа НурмухIамад-Хуршги сардарасда цере чIана.

Барятинскияс абуна тIоцевего щай разилъичIеван, цинги тIаде жубана жинца мун Петербургалде пачаясухъ витIилин, гьес мунги дур хъизанги цIунизе рагIи кьун бугин.

Лъаларо гьесие жавабалъе Шамилица щибилан абурабали, амма С. Эсадзеца нугIлъи гьабулеб буго, гьес абунин, гIемераб чIикIани гьоцIоги чIалгIунин, чIалгIунареб жоги гьаб дуниялалда гьечIин, жиндаги чIалгIанин гьаб лъеберго соналъ гьабураб рагъ, гьанже жив вохун вугин, рагъги лъугIун, ракълилаб гIумру гьабизе рес ккеялдаса.

Гьедин бегана гъазаваталъул ахирисеб щулалъилъун лъугьараб Гъуниб хъалаялъул тарихалъул ахирисеб тIамач.

Имамат биххиялъеги, къеркьеялъул ахир гьединаб пашманаб ккеялъеги гIиллаби гIезегIан чIахIиял ва кIвар цIикIкIарал рукIана.

Гъазаваталъул соназда халкъалъе камуна ярагъ кодобе босизе ярагьунел бихьиназул кIикъоялда щуго процент. Дагьа-дагьабккун загIиплъулеб букIана имамасул бо. Рагъда шагьидлъаразул бакI ккезе гIолохъаби гIолел рукIинчIо, къоролруччабазул къадар цIикIкIиналъ. Рагъалъ чIунтизабуна магIишат, хуриб пурцил гIоркь ккезе бихьинал гьечIеб хьизан росабалъ чанги букIана. ТIадежоялъеги 1857 ва 1958 сонал Чачаналдаги Дагъистаналдаги ракъдалал рачIана. ТIощалил нахърател тIагIана, тIаде бачIинабизе ресги букIинчIо. Имамас жинцаго абухъе, «Хер-чIахI кванаялде ккун рукIана гIадамал». Черхалда ретIине ретIел гьечIел, хIатIида ретIине хьитал гьечIел, ракъарал, язихъал,бетIербахъи захIмалъарал мугIрузул халкъазе рагъул балагьал тIаса ине бокьун букIана.

Гьединаб хIалалда имамат бугеб мехалда, пачаяс тIолабго къуват рехун букIана магIарулазул къеркьей чIинтIизабизе.

**«Кавказалъул гьалдолел къоязул къиса» тIехьалдаса**



## Колонка прокурора

### Ответственность за совершение коррупционных правонарушений

Статьей 19. 28 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях установлена административная ответственность юридического лица за незаконные передачу, предложение или обещание от его имени или в его интересах должностному лицу, лицу, выполняющему управленческие функции в коммерческой или иной организации, иностранному должностному лицу либо должностному лицу публичной международной организации денег, ценных бумаг, иного имущества, оказание ему услуг имущественного характера, предоставление имущественных прав за совершение определенных действий (бездействия).

Частями 2 и 3 данной статьи установлены квалифицирующие признаки совершения административного правонарушения в зависимости от размера незаконного вознаграждения.

Санкция данной статьи предусматривает штраф в размере до стократной суммы незаконно переданного имущества либо оказанных, обещанных или предложенных услуг с конфискацией денег, ценных бумаг, иного имущества или стоимости услуг имущественного характера, иных имущественных прав.

Незаконное привлечение к трудовой деятельности либо к выполнению работ или оказанию услуг государственного или муниципального служащего либо бывшего государственного или муниципального служащего с нарушением требований, предусмотренных Федеральным законом от 25. 12. 2008 № 273-ФЗ «О противодействии коррупции», влечет установленную ст. 19. 29 КоАП РФ административную ответственность, в том числе юридического лица**.**

**Ильяс Вакилов,** прокурор района

## Управление образования

### Объявление о вакансии

Управление образования извещает о проведении конкурса и приеме документов для участия в конкурсе на замещение вакантной должности руководителя следующих образовательных организаций:

МКОУ «Нижнегакваринская СОШ-сад».
МКОУ «Гимерсинская СОШ».
МКОУ «Гадиринская ООШ-сад».
МКОУ «Метрадинская СОШ-сад».
МКОУ «Кединская СОШ-сад».
МКОУ «Гаккойская СОШ».

Право на участие в конкурсе имеют граждане Российской Федерации, имеющие высшее профессиональное образование по направлениям подготовки «Менеджмент», «Государственное и муниципальное управление», «Управление персоналом» и стаж работы на педагогических должностях не менее пяти лет, или высшее профессиональное образование и дополнительное профессиональное образование в области государственного и муниципального управления или менеджмента и экономики, и стаж работы на педагогических или руководящих должностях - не менее пяти лет и подавшие документы в соответствии с требованиями Положения об организации и проведении конкурса на замещение вакантной должности руководителя образовательного учреждения.

Прием документов, выдача бланков заявления, личного листка по учету кадров, согласия на обработку персональных данных осуществляется по адресу: Цумадинский район, селение Агвали с понедельника по пятницу с 9.00 до 13.00 час., с 14.00 до 18.00 час.

Контактное лицо: Абдусаламова З. А., заместитель начальника управления образования МР «Цумадинский район», телефон 89604141856.

Начало приема документов для участия в конкурсе в 12 час. 00 мин. «20» марта 2020 г., окончание - в 17 час 00 мин. «20» апреля 2020 г.

Подведение итогов 1 этапа конкурса состоится по истечении 5 дней со дня окончания приема документов.

Для участия в Конкурсе гражданин представляет следующие документы:

Заявление установленной формы;л ичный листок по учету кадров; фотографию 3*4 см.; копию паспорта.; собственноручно заполненное и подписанное резюме с подробным указанием мест предыдущей работы, библиографическими данными, с приложением фотографии (4х6); заверенные работодателем копии трудовой книжки, либо копии трудовой книжки с предъявлением оригинала (для нетрудоустроенных граждан);копии документов о профессиональном образовании, дополнительном профессиональном образовании с предъявлением оригинала; согласие на обработку персональных данных; справку о наличии (отсутствии) судимости, в том числе погашенной и снятой, и (или) факта уголовного преследования либо о прекращении уголовного преследования;медицинскую справку установленной законодательством формы; справку о доходах, расходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера; справку о наличии (отсутствии) судимости и (или) факта уголовного преследования либо о прекращении уголовного преследования.

Положение о проведении конкурса на замещение вакантной должности руководителя оабразовательного учреждения размещено на официальном сайте МКУ «УО» МР Цумадинский район» https://agv.api.siteuo.ru и на сайте МР «Цумадинский район» http://www.mo-tsumada.ru/.

## 23 март-Россиялъул гидрометеорологиялъул хIалтIухъанасул къо

# «Сулак-Высокогорная» цIилъизе буго



Республикаялъул казият-журналазул хал гьабулаго, «Дагъистаналъул правдаялда» бер речIчIана ТIиндиса ГIабдурахIман МухIамадовас Европаялдаго бищун борхатаб точкалъун кколеб Богоссалъул тIогьиб бугеб «Сулак-Высокогорная» метеорологияб станциялъул хIакъалъулъ хъвараб макъалаялда. Абизе бегьула гьеб кколин гьесул гIагараб росдал, районалъул хIакъалъулъ хъвалаго, бищун гIемер борхулеб тема абун. Лъицаха росдадаса къоло цо километралъ рикIкIада, ралъдал гьумералдаса лъабазаргоялдасанги цIикIкIун метралъ борхалъуда бугеб станциялъул лъикI бициневa ва хъвалеб гьеб хIалтIи «ургьиве» ваккун гьабулесгун бихьарас гурони. Кидаго рахIатхвей букIунаан ГIабдурахIманил макъалабазулъ метеорологиялъул хIакимзабаз «мугъ» рехун букIиналъ станциялде. Гьале ахиркъадги ГIабдурахIманил рикIкIен гIемерал макъалабазул хIасил ккана, Дагъистаналъул гидрометеорологияб хъулухъалъул нухмалъиялъ баян гьабуна «Сулак-Высокогорнаялда» цIияб рухI лъезе хIукму гьабун букIиналъул, ва гидрометеорологиялъул Северияб Кавказалъул управлениялъгун Дагъистаналъул централъ хIалтIул план-программа хIадурун букIиналъул.

Гьеб лъикIаб хабаралдаса жиндирго рохел загьир гьабун хъвараб ГIабдурахIманил «Второе дыхание «Сулак-Высокогорной»» абураб макъалаялъул бицен гьабула ниж рукIадго, редакторасулгун букIараб къотIиялда рекъон, тIаде вач1ана кIикъоялда анцIго соналъ станциялда хIалтIарав, гIадатияв хIалтIухъанасдаса байбихьун гьелъул нухмалъулесул хъулухъалде щвезегIан нух нахъа тарав, гьанже хIалхьиялда вугев Расул ХIажиев.

Метеостанциялде нухдасан ккарав чи гуро гьев: армиялда вуссун хадув, станциялъул нухмалъулес абула жидехъе хIалтIизе вачIинарищан. ГIолиласги къабул гьабула гьесул предложение. Станциялде хIалтIуде восаравго витIула гьев Доналда бугеб Ростовалде лъагIалил курсазде цIализе. ЩIалана Ростовалъул гидрометеорологияб техникумалда. Гьелдаса хадуб гIумру ана гьесул «доба борхалъуда, мугIрул ракьанда»-ян абухъего, мугIрул тIогьив, моцIазги хъизан-лъималазухъе рокъове щвечIого, халкъалъе хинлъицIороялъул, гьури-цIадалъул, ай, гьава-бакъалъул баян кьолаго.

Бихьинчилъиялъул вахта баччарав Дагъистаналъул бахIарчи Расул ХIажиев пенсиялде ун хадуб станциялъе нухмалъи гьабулев МухIамад МухIамадовги гьесул цадахъ хIалтIулелги рикIкIине бегьула жакъасеб къоялъул багьадурзабилъун: гьезул щибаб сапар кутакалда хIинкъи цIикIкIараб буго. Къого километралдасанги цIикIкIараб манзилалъ лъелго кьурул парсаздасагун хъитIазул лабаллъабаздасан хьвади гуребги, хIинкъи букIуна гIанси яги ракь тIеялъул, цIад-горо баялъул, хIетI хъущтIун кIкIалахъе рортиялъул (гьединалги хIужаби рукIана станциялъул тарихалда).

-Жакъа ракIалде щола дунго хIалтIарал сонал. ГIемер лъикIаб букIана цебе нижедехун бербалагьи. Жакъа, квер хьвагIун, хвезе тун букIана Дагъистаналъе чара гьечIого хIажатаб станция. Баркала кьезе бокьун буго дирго росуцояв, журналист ГIабдурахIман МухIамадовасе. ГьитIинаб мехалъ чанги живгоги вахараб, имгIаласе кумекалъе гьев вахъунчIараб станциялъул гIузрабазулги бергьенлъабазулги бицараб, гидрометеорологазда байрам баркунги чанги макъалаби хъвана гьес республикаялъул казиятазда. Москваялдаса бачIараб рохалилаб хабарги ГIабдурахIманил бергьенлъи кколелъул, дирго бугеб рохелги загьир гьабизе, станциялъул хIалтIухъабазда профессионалияб байрамги баркизе бокьун вачIарав вугин живан бицана Расулица.

Станциялда хIалтIулезулгун ГIабдурахIманил бицунев свакачIо Расул, жиндирго хIакъалъулъ рагIицин абичIого. МагIаруласе хасиятаб намус-яхI бихьана дида гьесулъ-жиндирго гуреб, цогидазул ургъел-тIалабалда, гIагараб станциялда ккезехъин ругел цIиял хиса-басияздасан вохи загьир гьабиялъулъ.

Баркула Расулида, жакъа багьадурлъиялъул вахта бачунел МухIамадида ва гьесул пишацояздамахщалилаб байрам - гидрометеорологиялъул х1алт1ухъанасул къо.

**Хадижат Залимханова**

### Исполнение бюджета администрации сельского поселения «село Агвали» за 2019г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2019 год (сумма) Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
|---|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собсвенные доходы:** | | | | |
| 1 | НДФЛ | 624,0 | 624,0 | 621,0 | 99,5 |
| 2 | Земельный налог | 43,1 | 43,1 | 100,3 | 232,7 |
| 3 | Налог на имущества | 125,7 | 125,7 | 100,2 | 79,7 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,8 | 1,8 | 8,8 | 488,9 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | 101,2 | 101,2 | | 0,0 |
| | Итого собственные доходы | 895,8 | 895,8 | 830,3 | 92,7 |
| 1 | Объем дотаций | | 8735,4 | 8735,4 | 100,0 |
| 2 | Дотация на част. компен-ю | | 18,2 | 18,2 | 100,0 |
| | Итого | 0,0 | 8753,6 | 8753,6 | 100,0 |
| | Всего доходов | 895,8 | 9649,4 | 9583,9 | 99,3 |
| | | | | | |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | Аппарат | **1572,2** | **1572,2** | **1587,7** | 101,0 |
| | в т.ч. зарплата | 754,0 | 756,4 | 756,4 | 100,0 |
| 2 | Резервный фонд | **100,0** | **100,0** | | 0,0 |
| | в т.ч. зарплата | | | | |
| 3 | ЖКХ | 5855,4 | 7202,8 | 7202,8 | 100,0 |
| 4 | Культура | **230,0** | **230,0** | **230,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 719,9 | 719,9 | 165,6 | 23,0 |
| | Всего расходов | 7757,6 | 9105,0 | 9020,5 | 99,1 |
| | в т.ч. зарплата | 1473,9 | 1476,3 | 922,0 | 62,5 |

**Глава сельского поселения «село Агвали» З. Загидов**

### «Инсан» фондалъул ишал

«Щибаб ригьзахъе-кванил нигIматал» абураб гурхIел-рахIмуялъулаб тадбир тIобитIана дагьал цере къояз «Инсан» гурхIелрахIмуялъулаб фондгун цадахъ районалъул халкъалъе социалияб хъулухъ гьабулеб централъул хIалтIухъабаз КIочIали росулъ. Акция тIобитIулаго, лъимал гIемерал, язихъал хъизаназе щвана кванил нигIматазул хас гьабун чIезабураб набор.

Жидее садакъа-сайгъат щвараб къоябго хъизаналъ баркала загьир гьабуна садакъадулъ жидер цIарал рехсезе бокьичIел муъминзабазе. Аллагьас, аза-азарил даражаялде бахинабун, кири кIодо гьабеги, анцI-анцI нухалъ цIикIкIун, баракат гьарза гьабеги сайгъат-садакъадулъ гIахьаллъулелщиназул магIишат-яшав.

**МухIамад ГIисакъов**

Утерянный государственный сертификат на материнский (семейный) капитал МК-7 №0307279, выданный 30 марта 2016 года на имя Хайбулаевой Макки Абдулбасировны считать недействительным.

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 2-52-44
Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухIамадовна 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЩIумада район, Кьенгьара росу Заводалъул къватI, 4
«ЩIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: «ЩIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, I«А»

Тираж -1666
Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)
Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальголъи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.
Адрес электронной почты GoIostsumady@maiI.ru